

Sit Lower Neponset River Boston/Milton, MA

PWOGRAM SUPERFUND NAN pwoteje sante moun ak anviwònman an pandan y ap mennen ankèt epi fè netwayaj nan sit dechè danjere ki souvan abandone yo epi pandan y ap angaje kominote yo nan tout pwosesis la. Anpil nan sit sa yo konplike anpil epi yo bezwen aksyon netwayaj alontèm. Moun ki responsab kontaminasyon sa yo responsab pou peye frè netwayaj yo. EPA fè gwo efò pou chanje teren ki te kontamine ak dlo souteren ki te kontamine oparavan yo pou yon itilizasyon ki pwodiktif.

ENTWODIKSYON

EPA ap pwopoze pou aplike yon aksyon netwayaj pou trete sediman ak tè ki kontamine nan zòn Faz 1 Sit Superfund Lower Neponset River la (Sit la). Twonson Faz 1 an koule soti nan konflyans Neponset River a ak Mother Brook, ki sitiye nan katye Hyde Park nan Boston. Enfòmasyon sou netwayaj yo pwopoze a rezime nan fèy enfòmasyon sa a epi yo dokimante nan yon rapò yo rele yon Evalyasyon Teknik/Analiz Frè (EE/CA). Yo te pibliye EE/CA a pou publik la ka fè kòmantè nan dat 13 jen 2025 lan.

KONTAK PRENSIPAL

EMMA MINKER

Chèf Pwojè Asenisman
EPA
(617) 918-1325
minker.emma@epa.gov

ALEXANDER “TRISTAN” PLUTA

Chèf Pwojè Asenisman
EPA
(617) 918-1258
pluta.alexander@epa.gov

ZANETTA PURNELL

Kowòdonatè EPA
pou Angajman Kominotè
617-918-1306
purnell.zanetta@epa.gov

SÈVIS KLIYANTÈL GRATIS

1-888-EPA-7341

JWENN PLIS ENFOMASYON:

[www.epa.gov/
neponsetriver](http://www.epa.gov/neponsetriver)

Odyans Biblik Vityèl Mèkredi 9 Jiyè 2025, 6:30 p.m. Enskri epi jwenn plis detay nan https://www.epa.gov/neponsetriver	Yo pral transkri kòmantè vèbal yo. Y ap aksepte kòmantè alekri pandan peryòd kòmantè publik la (13 jen – 13 jiyè 2025).
---	---

EPA vle tande opinyon ou sou opsyon sa yo ak plan netwayaj ki rekòmande pou Twonson Faz 1 Sit Lower Neponset River Superfund nan. Yo pral aksepte kòmantè nan men kominote a apati 13 jen 2025 rive 13 jiyè 2025. EPA ap mande tou kòmantè publik konsènan enpak sou zòn imid ak vwa navigab yo, enpak sou plèn inondasyon yo, ak detèminasyon preliminè li a konsènan netwayaj bifenil poliklorine (PCB) yo pwopoze a.

Ou ka soumèt kòmantè alekri sou entènèt nan <https://www.regulations.gov/docket/EPA-R01-SFUND-2025-0083>, oswa pa imèl oswa pa lapòs. EPA ap aksepte tou kòmantè vèbal nan yon odyans biblik vityèl nan dat 9 jiyè 2025 lan, nan 6:30 pm.



ISTWA LOWER NEPONSET RIVER A

Yo te ajoute Sit Superfund Lower Neponset River la nan Lis Priyore Nasyonal la (NPL) nan dat 16 mas 2022 a, epi kounye a EPA idantifye li kòm yon seksyon 3.7 mil nan Neponset River la. Sit la kòmanse nan pwen kote li rankontre ak Mother Brook (yon afiliyan Rivyè Neponset ki sitiye an amon Dana Avenue nan Hyde Park), li pwolonje an aval nan katye Hyde Park, Mattapan, Dorchester, ak Town of Milton nan Vil Boston, epi li fini nan Walter Baker Chocolate Dam (ki sitiye an amon Adams Street nan Dorchester/Milton).

Neponset River la, menm jan ak pifò rivyè ki nan vil nan Nòdès la, gen yon istwa endistriyèl ki long. Endistriyalizasyon ak ibanizasyon ki te vin apre a te kòmanse nan basen Neponset River la depi ane 1630 yo. Nan mitan ane 1700 yo, Neponset River la te drene youn nan basen drenaj ki pi endistriyalize Ozetazini, li te drene pati nan vil Boston ak zòn adjasan a. Neponset River la, ke yo rekonèt kòm dezyèm basen vèsan ki te endistriyalize Ozetazini, gen yon istwa konplèks kontaminasyon ki soti ni nan sous ponktyèl ni nan sous ki pa ponktyèl. Itilize nan listwa pou izin idwo-elektrik, Neponset River la te akeyi plizyè pwojè endistriyèl pou itilizasyon sol, kote pifò nan yo, si se pa tout, genyen petèt tiyo ekoulman ak dechaj k ap ponpe dechè endistriyèl dirèkteman nan rivyè a.

POUKISA NETWAYAJ NESESÈ NAN SIT SA A

Yo idantifye kontaminan danjere tankou PCB, metal, konpoze òganik volatil, konpoze òganik semi-volatil, pestisid, diyoksin, ak firàn nan zòn Faz 1 Sit la. PCB yo se kontaminan prensipal ki enkyetan akoz limit ak nivo risk ki asosye ak PCB yo nan Perimèt Faz 1 an.

Evalyasyon risk pou sante moun ak risk ekolojik ki asosye ak PCB nan sediman ak sòl zòn inondasyon nan Sit la detèmine ke konsantrasyon PCB nan Perimèt Faz 1 an poze gwo risk pou sante publik, byennèt, ak anviwònman an anba kondisyon aktyèl yo, e yo jistifye nesesite pou yo pran yon mezi eliminasyon. Done Faz 1 yo ak analiz estabilite sediman an endike ke PCB ak lòt kontaminan nan sediman k ap deplase an aval nan kondisyon debi nòmal ak elve. Anplis de sa, zòn sous depo ki trè kontamine yo gen potansyèl pou yo vin konplètman antrene si Baraj T&H la kraze, sa ki lakòz yon liberasyon katastwofik ak san kontwòl sediman kontamine yo an aval.

MEZI ELIMINASYON KI PA IJAN

EPA ap itilize otorite li pou fè yon kalite netwayaj, yo rele yon Mezi Eliminasyon ki Pa Ijan (Non-Time-Critical Removal Action, NTCRA), pou fè gwo netwayaj sou Sit la nan moman. Itilizasyon yon NTCRA otorize anba Lwa Konplè sou Response, Konpansasyon ak Responsablite Anviwònman an (CERCLA) (ke tout moun konnen sou non "Superfund") ak règleman ki pibliye anba lwa ki rele Plan Ijans Nasyonal la. EE/CA a idantifye epi evalye lòt opsyon yo epi li rekòmande pou yo aplike apwòch netwayaj la nan NTCRA a. Yo evalye lòt opsyon yo sou baz twa kritè (efikasite, posiblite pou aplike yo, ak pri) pou idantifye altènativ ki rekòmande a. NTCRA ta dwe yon pati konplemantè nan aksyon global asenisman an (netwayaj sit la).



OBJEKTIF MEZI ELIMINASYON YO

- EE/CA a idantifye Objektif Eliminasyon sa yo pou NTCRA a:
RAO 1- Sediman: Diminye risk pou sante moun ki soti nan PCB ak lòt kontaminan ki ka enkyete yo
- (COPC) nan sediman, tankou diminye risk kansè ak risk ki pa kansè ki pa akseptab pou reseptè rezidansyèl ak lwazi ki gen rapò ak kontak dirèk ak PCB yo.
- RAO 2- Sediman: Redui risk ekolojik ki soti nan PCB ak lòt COPC nan sediman, tankou diminye risk ki pa akseptab pou reseptè ekolojik akwitatik ak terès akòz ekspozisyon PCB.
- RAO 3- Sòl inondasyon: Redui risk pou sante moun ki soti nan PCB ak lòt COPC nan sòl inondasyon, tankou diminye risk kansè ak risk ki pa kansè ki pa akseptab pou reseptè rezidansyèl ak lwazi yo ki gen rapò ak kontak dirèk ak PCB yo.
- RAO 4- Sòl inondasyon: Redui risk ekolojik ki soti nan PCB ak lòt COPC nan sòl inondasyon, tankou diminye risk ki pa akseptab pou reseptè ekolojik akwitatik ak terès akòz ekspozisyon PCB.
- RAO 5- Sediman ak Sòl Inondasyon: Elimine risk rejè enkontwole sediman kontamine ak ewozyon sòl zòn inondasyon yo sizoka gen ripti baraj.
- RAO 6- Sediman ak Zòn Inondasyon: Anpeche transpò PCB yo ni nan zòn ki repare yo ni nan zòn ki pa repare yo.

REZIME SOU LÒT OPSYON MEZI ELIMINASYON YO

RAA-1: Okenn Mezi

RAA-1 se yon lòt opsyon "San Aksyon", ki enkli kòm yon baz referans pou objektif konparezon. Pa gen okenn depans ki asosye avèk altènatif sa a.

RAA-2: Eliminasyon pwen cho yo ak kontwòl tanporè RAA-2 a pral gen aktivite sa yo ladan:

- Eliminasyon sediman nan basen Baraj T&H la ak nan ansyen zòn depo enstalasyon Lewis Chemical la, ki gen materyèl sous ki kontamine anpil epi ki kontinye ap migre an aval.
- Eliminasyon sediman nan tout rès Zòn Faz 1 an ki depase nivo netwayaj RAA-2 a ki se 100 miligram pa kilogram (mg/kg) rive nan pwofondè maksimòm dragaj la.
- Konstwi bouchon sediman pwovizwa sou kontaminasyon ki rete a kote PCB yo depase nivo netwayaj RAA-2 a ki se 100 mg/kg epi yo pwolonje anba pwofondè maksimòm dragaj la.
- Eliminasyon sòl inondasyon ki depase nivo netwayaj RAA-2 a ki se 100 mg/kg.
- Dezidratasyon sediman ak sòl inondasyon (jan sa nesesè) epi transpòte ak jete sediman ak tè dezidrate a andeyò sit la.



SWIT REZIME SOU LÒT OPSYON MEZI ELIMINASYON YO...

RAA-2: Swit eliminasyon pwen cho yo ak konfinman tanporè...

- Retabli ak estabilize sòl kanal ak sòl inondasyon yo.
- Siveyans ak antretyen.
- Aplike Kontwòl Enstitisyonèl (IC) jan sa apwopriye.

Frè apwoksimatif altènativ sa a se \$29.9 milyon dola. Yo estime netwayaj la ap pran apeprè dezan ak nèf mwa pou l fini (sa gen ladan de sezón mobilizasyon ak restorasyon pou akomode move tan dragaj ki apwopriye ak peryòd pou replante yo). Figi 7 ak Figi 8 nan EE/CA a, respektivman, ilistre zòn eliminasyon sediman ak sòl ki enkli nan RAA-2 a.

RAA-3: Eliminasyon sible, konfinman tanporè, ak eliminasyon baraj

RAA-3 gen ladan aktivite sa yo:

- Eliminasyon sediman nan basen Baraj T&H la ak nan ansyen zòn depo enstalasyon Lewis Chemical la, ki gen materyèl sous ki kontamine anpil epi ki kontinye ap migre an aval.
- Eliminasyon sediman nan tout rès Zòn Faz 1 an, depase nivo netwayaj RAA-3 la ki se 14 mg/kg, rive nan pwofondè maksimòm dragaj la.
- Konstwi bouchon sediman pwovizwa sou kontaminasyon ki rete a kote PCB yo depase nivo netwayaj RAA-3 la ki se 14 mg/kg epi yo pwolonje anba pwofondè maksimòm dragaj la.
- Retire zòn inondasyon ki depase nivo netwayaj RAA-3 la ki se 14 mg/kg.
- Retire sediman anplis sòl dans ki anba sòl rivyè a, imedyatman an amon Baraj T&H la, jan sa nesesè pou etabli yon pant orizontal 10 pye rive 1 pye vètikal nan sòl rivyè a anvan yo retire Baraj T&H la.
- Dezidratasyon sediman ak sòl inondasyon ki fouye yo (jan sa nesesè) epi transpòte ak jete sediman ak tè dezidrate a andeyò sit la.
- Elimine Baraj T & H la.
- Retabli ak estabilize sòl kanal ak sòl inondasyon yo.
- Siveyans ak antretyen.
- Aplikasyon IC yo jan sa apwopriye.

Frè apwoksimatif altènativ sa a se \$41 milyon dola. Yo estime netwayaj la ap pran apeprè dezan ak 10 mwa pou li fini (sa gen ladan l de sezón mobilizasyon ak restorasyon pou akomode tan dragaj ki apwopriye ak peryòd pou replante a). Figi 9 ak Figi 10 nan EE/CA a, yon fason respektiv, ilistre zòn eliminasyon sediman ak sòl ki enkli nan RAA-3 la.



REZIME SOU LÒT OPSYON ELIMINASYON YO

RAA-4: Eliminasyon konplè, amannman pèmanan sou plas, ak eliminasyon baraj (*Altènativ EPA ki Rekòmande a*) RAA-4 gen ladan aktivite sa yo:

- Eliminasyon sediman nan basen Baraj T&H la ak nan ansyen zòn depo enstalasyon Lewis Chemical la, ki gen materyèl sous ki kontamine anpil epi ki kontinye ap migre an aval.
- Eliminasyon twa premye pye sediman ki rete yo sou tout longè Etap Faz 1 an, sa ki pral trete sediman aksesib ki depase nivo netwayaj RAA-4 la ki se 1 mg/kg.
- Retire sediman anplis sòl dans ki anba sòl rivyè a, imedyatman an amon Baraj T&H la, jan sa nesesè pou etabli yon pant orizontal 10 pye rive 1 pye vètikal nan sòl rivyè a anvan yo retire Baraj T&H la.
- Epi, konstwi yon bouchon pèmanan ak yon amannman sou plas sou tout longè Perimèt Faz 1 an.
- Retire sòl inondasyon ki depase nivo netwayaj RAA-4 la ki se 1 mg/kg.
- Dezidratasyon sediman ak sòl inondasyon ki fouye yo (jan sa nesesè) epi transpòte ak jete sediman ak tè dezidrate a andeyò sit la.
- Elimine Baraj T & H la.
- Retabli ak estabilize kanal ki afekte a, ki gen ladan tout longè Perimèt Faz 1 an, ak sòl inondasyon yo.
- Siveyans ak antreyten.
- Aplikasyon IC yo jan sa apwopriye.

Frè apwoksimatif plan netwayaj sa a se \$78.4 milyon dola. Yo estime netwayaj la ap pran apeprè twazan ak 10 mwa pou l fini (sa gen ladan twa sezón mobilizasyon ak restorasyon pou akomode move tan dragaj ki apwopriye ak peryòd pou replante a). Figi 11 ak Figi 13 nan EE/CA a, respektivman, ilistre zòn eliminasyon sediman ak sòl ki enkli nan RAA-4 la.

ANALIZ KONPARATIF SOU LÒT OPSYON YO

Anba a, w ap jwenn yon konparezon sou lòt opsyon eliminasyon yo, ki base sou efikasite, posiblite pou aplike yo, ak frè yo, ansanm ak rezon ki fè yo rekòmande RAA-4 yo.

RAA-1 (Okenn Mezi) pa gen ladan l okenn aktivite netwayaj epi li pa ta satisfè RAO ki etabli yo. Risk ki egziste déjà pou sante moun ak anviwònman an akòz prezans kontaminan yo ap rete. RAA-2 ak RAA-3 ta diminye risk ki egziste déjà pou sante moun ak anviwònman an, tankou pou sediman ki pi kontamine yo ak sòl inondasyon yo, men yo pa ta reyalize tout RAO yo. RAA-3 gen yon pi gwo nivo pwoteksyon parapò ak RAA-2 paske li gen ladan l retire ak bouche materyèl ki kontamine a nan yon nivo netwayaj ki bay plis pwoteksyon epi li gen ladan l eliminasyon Baraj T&H la, ki ta pèmèt retire sediman ki potansyèlman kontamine anba fondasyon baraj la epi eliminate risk pou yon liberasyon san kontwòl milye ki kontamine akoz yon potansyèl echèk baraj la. RAA-4 bay yon pwoteksyon alontèm ki pi wo anpil, paske li chanje baz sediman an konplètman nan Perimèt Faz 1 an epi li adrese risk inakseptab mezi eliminasyon sa a siblle a yo prevwa l ap konfòm avèk asenisman final pou Perimèt Faz 1 an, epi li gen ladan l eliminasyon Baraj T&H la. RAA-4 ta reyalize tout RAO yo pou pwojè sa a.



SWIT ANALIZ KONPARATIF SOU LÒT OPSYON YO...

Efikasite kout tèm RAA 2, 3, ak 4 yo ta gen menm dimansyon, ki gen ladan risk pou sekirite travayè yo ak enpak konstriksyon sou kominate lokal la, men li ta gen differan dire. RAA-4 t ap gen dire konstriksyon ki pi long lan akòz pi gwo kantite materyèl ki pou elimine, dezidrate, epi transpòte andeyò sit la. Sepandan, byenke plis dragaj ak eliminasyon teren nan sòl inondasyon an ap gen chans pou yo nesesè nan yon asenisman nan lavni anba RAA 2 ak 3, aksyon sa yo nan lavni gen mwens chans pou yo nesesè anba RAA-4. Anplis de sa, RAA-4 la pral entèwont totalman vwa ekspozisyon kontaminan an pou espès akwatik ak terès yo. Se poutèt sa, enpak adisyonèl akoutèm ki soti nan asenisman nan lavni, lè yo konsidere yo an kombinezon ak enpak akoutèm ki soti nan RAA-2 oswa RAA-3, ta gen plis chans pou yo pi siyifikatif pase enpak akoutèm ki soti nan RAA-4.

Yo prevwa aksè fizik ak defi administratif anba RAA 2, 3, ak 4 yo, men yo tout ka aplike ak teknoloji ak ekipman ki deja egziste yo ke yo itilize anjeneral pou dragaj, pou fè fouy, ak dezidratasyon sediman ak tè ki kontamine. Yo konsidere RAA-2 kòm pi fasil pou aplike paske li pa gen ladan travay pou retire baraj. Travay pou retire baraj anba RAA 3 ak 4 yo ka fèt lè l sèvi avèk trepye ki pozisyone sou bò sid rivyè a, ansanm ak yon chaloup ak ekipman demolisyon nan rivyè a. Piske plis aktivite dragaj ak eliminasyon sòl ap gen chans pou nesesè nan yon asenisman nan lavni anba RAA 2 ak 3 yo, defi aplikasyon jeneral yo pandan dire pwojè asenisman, ki gen ladan defi aksè, ka pi gwo anba opsyon sa yo.

RAA-4 (\$78.4 milyon dola) se altènatif ki pi chè a. RAA-3 (\$41 milyon dola) se dezyèm ki pi chè a, epi RAA-2 (\$29.9 milyon dola) se altènatif ki pi bon mache a apa de RAA-1 (\$0 dola). Sepandan, anba RAA-4 la, depans nan lavni ki asosye avèk adrese Etap Faz 1 an pral minim akòz altènatif sa a konplè totalman. Anba RAA 2 ak 3 yo, plis aktivite dragaj ak eliminasyon teren nan sòl inondasyon yo ap petèt nesesè. Se poutèt sa, RAA-4 gen anpil chans pou l se altènatif ki pi efikas an tèm de frè alontèm.

Selon analiz konparatif ki rezime pi wo a epi ki detaye nan EE/CA a, EPA rekòmande RAA-4 kòm mezi eliminasyon li prefere pou NTCRA a.

EPA AP MANDE PIBLIK LA KÒMANTÈ SOU DETÈMINASYON SA YO KE YO PWOPPOSE YO

ENPAK SOU ZÒN IMID/VWA NAVIGAB AK SÒL INONDASYON YO

Seksyon 404 nan Lwa sou Dlo Pwòp la, règleman federal nan 44 CFR Pati 9 la, ki aplike egzijans anba Dekrè Egzekitif 11990 (Pwoteksyon Zòn Imid) ak 11988 (Jesyon Zòn Inondasyon) egzije yon detèminasyon ke pa gen okenn altènatif pratik pou pran aksyon federal ki afekte zòn imid/abita akwatik ak plèn inondasyon ki anba jiridiksyon federal la. Seksyon 404 nan Lwa sou Dlo Pwòp la egzije yon detèminasyon, lè sikontans yo egzije sa, ke pa gen okenn altènatif pratik pou pran aksyon federal nan dlo Etazini yo, ki gen ladan zòn imid yo, epi ke aksyon EPA a pou retire li a se "Altènatif Pratik ki Mwens Domaje Anviwònman an." Si pa gen okenn altènatif ki ka evite yo pran yon mezi, aksyon federal yo ta dwe minimize destriksyon, pèt oswa degradasyon resous sa yo epi prezève ak amelyore valè natirèl ak benefik yo. EPA te pran desizyon sa yo, epi l ap mande piblik la pou l fè kòmantè sou yo:



SWIT ENPAK SOU ZÒN IMID/VWA NAVIGAB AK SÒL INONDASYON YO...

- Netwayaj yo pwopoze a pral lakòz okipasyon oswa modifikasyon zòn imid yo ak plèn inondasyon 100 ak 500 ane yo.
- Piske gen nivo kontaminasyon siyifikatif nan sediman ak tè nan zòn netwayaj yo, pa gen okenn altènativ pratik pase okipasyon ak modifikasyon plèn inondasyon ak marekaj yo, epi pa gen okenn altènativ pratik pase fè travay nan marekaj sa yo oswa nan rivyè a.
- Aktivite eliminasyon RAA-4 ki gen enpak sou vwa navigab ak zòn imid yo se altènativ ki mwens danjere pou anviwònman an akòz enpak danjere kontaminasyon ki prezan nan anviwònman akwatik la epi lè yo pran an konsiderasyon enpak potansyèl aksyon repons adisyonèl nan lavni nan Zòn Faz 1 an ki ka chwazi kòm yon pati nan yon asenisman nan lavni. Eliminasyon inik kontaminasyon nan kouran dlo yo, tankou nan zòn imid yo, pi preferab pou anviwònman an konparezon ak plizyè evènman asenisman, ki gen anpil chans pou nesesè apre RAA-2 ak RAA-3. Yo prevwa RAA-4 pral minimize twoub repete nan idwoloji, vejetasyon, ak entegrite abita nan zòn imid ak kouran dlo ki afekte yo.

DETÈMINASYON AKSYON KONTWÒL SIBSTANS TOKSIK (TSCA)

EPA detèmine ke sediman ki kontamine ak sòl inondasyon nan Perimèt Faz 1 Sit la satisfè definisyon Dechè Asenisman PCB jan sa defini nan règleman TSCA yo nan 40 CFR Seksyon 761.3. Se poutèt sa, sediman ak tè sa yo ki kontamine ak PCB yo règlemente pou netwayaj ak eliminasyon anba règleman federal yo nan 40 CFR Seksyon 761. Anba 40 CFR Seksyon 761.61(c), EPA ka otorize eliminasyon PCB nan yon fason ki pa preskri otreman depi EPA detèmine ke eliminasyon an pa pral poze yon risk derezonab pou sante oswa anviwònman an. EPA te fè, epi I ap mande piblik la pou fè kòmantè sou, yon konklizyon preliminè ki di ke opsyon eliminasyon ki rekòmande a pa lakòz yon risk yon fason ki pa rezonab pou sante oswa anviwònman an si sèten kondisyon satisfè. Detèminasyon preliminè TSCA EPA a, ki dokimante kondisyon obligatwa ki gen rapò ak PCB yo, dokimante nan Seksyon 7 nan EE/CA a. Y ap pran yon Desizyon final TSCA apre yo fin konsidere tout kòmantè piblik ke yo te resevwa pandan peryòd kòmantè piblik la. Yo pral pibliye Detèminasyon final la ansanm ak Memorandòm Aksyon an.

PWOCHEN ETAP YO

Rapò EE/CA a ap disponib pou kòmantè piblik pandan 30 jou. EPA pral dokimante epi reponn tout kòmantè piblik nan yon Rezime Repons, ki pral fè pati Dosye Administratif la. Selon kòmantè yo resevwa yo, EPA ka modifie yon chanje altènativ rekòmande a. Apre sa, EPA ap pibliye yon Memorandòm Aksyon, ak Rezime Repons lan ki ansanm ak dokiman sa a, ki otorize epi lanse pwoesisis mezi eliminasyon an. Apre yo fin siyen Memorandòm Aksyon an, yo ka inisyé NTCRA a.



SUPERFUND

POU JWENN PLIS ENFÒMASYON AK SOUMISYON KÒMANTÈ

Pou wè rapò EE/CA ak lòt rapò Sit yo sou entènèt, tanpri ale sou sitwèb www.epa.gov/neponsetriver.

Bay EPA kòmantè ou yo alekri sou EE/CA a ak mezi eliminasyon yo rekòmande pou Sit Superfund Lower Neponset River la. Soumèt kòmantè sou entènèt sou regulations.gov: <https://www.regulations.gov/docket/EPA-R01-SFUND-2025-0083> (metòd ou prefere a).

Ou kapab soumèt kòmantè alekri tou pa imèl nan adrès R1Neponset@epa.gov oswa pa lapòs, avèk yon tenm lapòs ki pa pita pase 13 jiyè 2025, nan adrès sa a:

U.S. Environmental Protection Agency, Region 1
Attn: Alexander “Tristan” Pluta, Remedial Project Manager
5 Post Office Square, Suite 100 (Mail Code 07-MI)
Boston, MA 02109-3912

Mete nimewo idantifikasyon dosye a EPA-R01-SFUND-2025-0083 nan liy sijè a.

Oswa bay kòmantè vèbal pandan Odyans Piblik Vityèl la nan dat 9 Jiyè 2025 lan, nan 6:30 pm. Yo pral transkri kòmantè vèbal yo. Pou jwenn plis detay, vizite www.epa.gov/neponsetriver. Lyen pou enskri alavans pou rankont lan: <https://usepa.zoomgov.com/meeting/register/IYrGOQWysw2GV2UgjNZymQ>.




Figure 1
Lower Neponset River Superfund
Site Overview



0 0.1 0.2 0.4
Miles

Legend

- LNR River Miles
- Suspected Source of PCB Contamination to the Site
- Phase 1 Reach
- Phase 2 Reach
- FEMA 100 Year Flood Zone
- Regulatory Floodway
- FEMA 500 Year Flood Zone

AECOM